



EKRI AN LÈT DETACHE AKLÈ AVÈK PLIM BLE OSWA PLIM NWA.

Fòm sa a disponib tou sou sitwèb dmv.ny.gov

OFFICE USE ONLY

Image #

APLIKASYON POU:

Lisans Pèmi Kat ID

OBJEKTIF POU APLIKASYON:

Nouvo Renouvèlman Modifye Enfòmasyon Kalite Chanjman Ranplasman Kondisyonèl Limite Transfere nan New York

ENFÒMASYON SOU IDANTIFIKASYON

Eske ou gen kounye a oswa eske ou te janm genyen yon lisans chofè, pèmi pou aprann oswa kat ID ki pa pou chofè Eta New York? Wi Non
Aplikasyon pou yon kat ID ki pa pou kondi ap anile nenpòt privilèj lisans chofè Eta New York.

NIMEWO IDANTIFIKASYON SOU LISANS CHOFÈ, PÈMI POU APRANN OSWA KAT ID KI PA POU CHOFÈ Eta New York

Grid for license identification number

NON FANMI OU OKONPLÈ

PRENON OU OKONPLÈ

DEZYÈM PRENON OU OKONPLÈ

Eske ou genyen oswa eske ou te genyen deja yon lisans chofè ki valab oswa ki te ekspire nan dènye de (2) zan yo, ou te fè nan yon lòt Eta Etazini, nan District of Columbia oswa nan yon Pwovens Kanada? Wi Non

Si repons ou se "Wi", ki kote yo te ba ou li?

Dat Ekspirasyon: Kalite Lisans: Nimewo ID Lisans nan Lòt Eta:

SIFIKS

DAT NESANS

SÈKS

WOTÈ

KOULÈ ZYE OU

NIMEWO TELEFÒN (Lakay/Mobil)

Signature box

Birth date grid (Mwa, Jou, Ane)

Gender options (Gason, Fi)

Eye color options (Pye, Pous)

Eye color grid

Phone number grid (Areyakòd,)

Eske non ou chanje? Wi Non Si repons ou se "Wi", ekri ansyen non ou an lèt detache, egzateman jan li parèt sou lisans oswa sou kat ID ki pa lisans chofè ou genyen kounye a.

LÒT CHANJMAN: Ki chanjman ki genyen epi ki rezon pou chanjman an (nouvo klas lisans, dat nesans ki pa kòrèk, elatriye)?

NIMEWO SEKIRITE SOSYAL* (SSN)

SSN grid

* Si yo te ba ou yon SSN deja, ou dwe bay nimewo a. Nou gen otorizasyon pou pran SSN ou dapre Seksyon 490(3) ak 502(f) nan Lwa sou Veyikil ak Sikilasyon. N ap itilize enfòmasyon yo sèlman pou fè echanj avèk lòt jiridiksyon, pou ede verifye idantite ou, epitou pou bay sanksyon sou lisans chofè dapre Seksyon 510(4-e) ak 510(4-f) nan Lwa V&T. Nou p ap bay piblik la nimewo ou.

Si yo pa te janm te ba ou yon Nimewo Sekirite Sosyal, tcheke ti bwat sa a

ADRÈS KOTE OU RESEVWA KOURYE OU - Mete Nimewo ak Non Ri a, Livrezon Riral ak/oswa nimewo bwat la (Si se Bwa Postal, ou ranpli seksyon "Adrès Kote Ou ap Viv la" anba la a tou)

ADRÈS SA A AP PARÈT SOU DOKIMAN IDANTITE ESTANDA OU

Address grid (Nimewo Apatman, Vil oswa Vilaj, Eta, Kòd Postal, Konte)

ADRÈS KOTE OU AP VIV LA OBLIGATWA SI ADRÈS LA DIFERAN AVÈK ADRÈS POSTAL LA - PA BAY BWAT POSTAL. ADRÈS SA A AP PARÈT SOU DOKIMAN IDANTITE AMELYORE (ENHANCED)/REAL ID OU

Address grid (Nimewo Apatman, Vil oswa Vilaj, Eta, Kòd Postal, Konte)

ÈSKE ADRÈS POSTAL OU CHANJE? Wi Non

ÈSKE ADRÈS KOTE OU AP VIV LA CHANJE? Wi Non

Si repons ou se wi pou nenpòt nan kesyon yo ki anwo a, lè sa n ap mete adrès sa a pou modifye adrès sou tout anrejistremachin yo ki asosye ak nimewo idantifikasyon ou, amwenske ou tcheke tibwat sa a. Si ou enskri pou vote, dosye enskripsyon votè ou ap chanje lè ou ranpli epi soumèt fòm sa a. Si ou PA vle nouvo adrès ou a sou dosye anrejistremachin votè ou, tcheke tibwat sa a. Si ou pa tcheke tibwat la, n ap voye nouvo adrès ou an bay Komite Eleksyon (Board of Elections) Konte ou rete a.

KONDISYON VETERAN

Koche kaz sa a si ou ta renmen gen mo "Veteran" enprime sou bò devan dokiman ki gen foto ou. Ou dwe bay prèv ki montre ou te jwenn dechaj avèk lonè nan sèvis militè (e.g. DD-214, DD-215).

DON ÒGAN AK TISI NAN ETA NEW YORK (Ou dwe ranpli seksyon sa a)

Pou enskri nan Rejis Donate Life SM Eta New York la, tcheke tibwat "wi" a, siyen non ou epi mete dat anba la a. Ou konfime ou: Laj 16 zan oswa plis; ap bay konsantman pou fè don ògan ak tisi ou pou grèf al etid larechèch; otorize DMV transfere non ou ak enfòmasyon pou idantifye ou nan Rejis Donate Life; epi ou otorize Donate Life Eta New York bay aksè nan enfòmasyon sa yo a òganizasyon don ògan ki sou kontwòl federal don ak bank tisi ak zye ak lopital otorize Eta New York, si ou ta mouri. "ORGAN DONOR" (DONÈ ÒGAN) ap enprime devan dokiman DMV ki gen foto ou. Ou ap resevwa yon kominikasyon, k ap ba ou yon posiblite tou pou limite don ou an. Si ou gen 16 zan oswa 17 lane, paran yo/responsab legal yo ka chanje desizyon ou si ou ta mouri. Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte DL New York State nan donatelifey.gov.

Ou dwe reponn kesyon ki annapre a:

Eske ou ta renmen pou nou mete non ou nan Rejis Donate Life?

Wi (siyen konsantman ki anba a epi date li)

Sote Kesyon Sa a

Tcheke tibwat sa a pou fè yon don volontè \$1 nan Life...Pass it On Trust Fund pou rechèch ak sansibilizasyon sou don ògan ak tisi. N ap mete \$1 sou total frè tranzaksyon ou an.



Siyati ak Dat Konsantman Donatè a

KESYON SOU ENSKRIPSYON VOTÈ (Tanpri tcheke 'Wi' oswa 'Non')

Si ou pa enskri pou vote kote ou abite kounye a, eske ou ta renmen aplike pou enskri?

Wi - Ranpli Seksyon Aplikasyon Anrejistremachin Votè a (Pa nesese si ou ap pote fòm sa a nan yon biwo DMV).

NON - Mwen Refize Enskri/Mwen Deja Enskri

NOTE BYEN: Si ou pa koche okenn kaz, n ap konsidere ou deside pa anrejistre pou vote.

ANREJISTREMAN NAN SISTÈM SÈVIS SELEKTIF ETAZINI (SELECTIVE SERVICE SYSTEM, SSS)

Tout sitwayen ameriken ak imigran gason ki gen laj ant 18 ak 25 lane dwe anrejistre nan SSS sinon yo vyole lalwa. Si ou pa anrejistre, se yon zak kriminel ki ka jwenn pinisyon jiska senkan prizon ak/oswa yon amann \$250,000. Si ou pa anrejistre nan laj 26 zan, ou p ap kapab anrejistre ankò epi ou pral pèdi nèt avantaj ki asosye ak anrejistremachin, epi ou p ap kalifye pou jwenn: Sitwayèn ameriken si ou yon imigran; Sibvansyon Pell ak èd federal pou etidyan; pwogram fòmasyon pou jwenn travay; ak tout travay federal ak travay lapòs ak anpil djòb nan travay leta. Si ou ta chwazi pou ou pa anrejistre, pou fè sa, ou ka tcheke tibwat ki devan "Non" an epi ou ap pèdi avantaj yo ki endike anwo a.

TANPRI RANPLI PAJ 2 A EPI SIYEN LI.

OFFICE USE ONLY

Office use section with fields for CDL Certifications, License Class, Special Conditions, Approved By, Date, Office, and TEENS checkbox.

KESYON SA YO DWE RANPLI POU TOUJ TRANZAKSYON POU LISANS/PÈMI

1. Èske lisans chofè ou, pèmi apranti ou oswa privilèj ou pou kondi yon veyikil amotè te sispann, revoke oswa anile, oswa èske ou te jwenn refi pou yon aplikasyon pou yon lisans nan eta sa a oswa yon lòt kote, nan non ou bay sou fòm sa a oswa nan nenpòt ki lòt non?
 Wi Non
 Si ou reponn "Wi", èske yo te ba ou lisans ou, pèmi ou oswa privilèj pou kondi ankò, oswa èske yo te apwouve aplikasyon ou?
 Wi Non
2. Èske ou te resevwa trètman, èske ou ap resevwa trètman nan moman an, oswa èske ou ap pran medikaman pou nenpòt pwoblèm medikal ki lakòz ou san konesans oswa ou pèdi vijilans (pa egzansp, yon maladi kriz, epilepsi, endispozisyon oswa vètij, oswa yon maladi kè)?
 Wi Non
 Si ou te make "Wi", ou dwe soumèt fòm MV-80U.1, menmsi ou te jwenn egzeyat nan Pwogram Revizyon Medikal la. Ou kapab jwenn fòm sa a nan nenpòt biwo Veyikil Amotè oswa nan dmv.ny.gov

3. Èske ou bezwen yon aparèy pou tande ak/oswa yon retwovizè ki gen vizyon okonplè pou kondi yon veyikil amotè?
 Wi Non
 4. Èske ou te pèdi itilizasyon yon janm, bra, men oswa zye?
 Wi Non
- 4a. Si ou bezwen renouvele lisans chofè ou epi si ou te make "Wi", èske sa te rive depi dènye fwa ou te gen lisans chofè ou?
 Wi Non
- 4b. Si ou te make "NON" pou 4a, èske pwoblèm ou an te vin pi grav depi dènye fwa ou te gen lisans chofè ou?
 Wi Non

KONSANTMAN PARAN/RESPONSAB LEGAL

Lisans Jinyò Kat ID ki pa Lisans Chofè (mwenske 16 zan)

Mwen se paran oswa responsab legal moun ki aplike a, epi mwen dakò pou yo ba li yon pèmi apranti, yon lisans oswa (si li poko gen laj 16 zan) yon kat ID ki pa lisans chofè. Mwen rekonèt mwen responsab pou konfime moun ki aplike a te fè omwen 50 èdtan kondi "pratik" anba sipèvizyon, ansanm ak 15 èdtan kondi apre solèy kouche, anvan moun ki aplike a fè yon tès pratik sou wout, epitou mwen fèt pou prezante otantifikasyon sa a (fòm MV-262) nan moman tès pratik sou wout la. Nòt pou paran/responsab legal: Si moun ki aplike pou lisans chofè a gen laj 17 lane, epi si li gen yon Sètifikasyon Finisman Elèv Edikasyon pou Chofè (fòm MV-285), konsantman an pa obligatwa.

Paran oswa Responsab Legal Siyen La a

(Sa ou ye pou moun ki Aplike a)

(Dat)

Sèvis pou Bay Avi Evènman Elektwonik pou Adolesan (TEENS)

Mwen ta renmen antre nan pwogram TEENS pou mwen ka resevwa avi si moun ki aplike a ki poko gen laj 18 lane resevwa yon kondansasyon, yon sispannyon, yon anilasyon oswa yon aksidan nan dosye lisans li. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa a, gade fòm MV-1046, Fason pou Antre nan TEEN oswa MV-1056, Kesyon Moun Poze Souvan sou TEENS. Sèvis sa a se yon sèvis ki GRATIS.

Nimewo Idantifikasyon sou Lisans Chofè, Pèmi oswa Kat Idantifikasyon ki pa pou Chofè Eta New York Paran oswa Responsab Legal k ap bay Konsantman ki Anwo a (Obligatwa)

MOUN K AP APLIKE POU YON LISANS CHOFÈ KOMÈSYAL SÈLMAN

1. Nan dènye 10 zan yo, èske yo te ba ou yon lisans chofè nan yon lòt Eta Ozetazini oswa nan Distrik Columbia? Wi Non
 Si ou reponn WI, ekri non yo chak _____
2. Ou DWE bay DMV yon konfimasyon ki endike ou ap kondi (oswa ou prevwa w ap kondi) yon veyikil amotè komèsyal nan youn nan kat (4) kalite kondi sa yo (chwazi yon sèl):
 - Non-excepted Interstate (NI) (Otowout Entè-Eta san Eksepsyon)** - eta medikal Sètifye obligatwa. Ou gen laj 21 lane oswa plis epi ou ap kondi oswa ou prevwa ou pral kondi, entè-eta (apa de yon operasyon eksepte).
 - Excepted Interstate (EI) (Entè-Eta ki Eksepte)** - Ou gen laj 18 lane oswa plis epi ou ap kondi, oswa ou prevwa ou pral kondi, entè-eta nan Operasyon ki Eksepte SÈLMAN. Ou dwe gen restriksyon A3.
 - Non-excepted Intrastate (NA) (Otowout Andedan Eta san Eksepsyon)** - Eta medikal sètifye obligatwa. Ou gen laj 18 ane oswa plis epi ou ap kondi oswa ou prevwa ou pral kondi, nan Eta New York sèlman (apa de yon operasyon eksepte).
 - Excepted Intrastate (EI) (Entè-Eta ki Eksepte)** - Ou gen laj 18 lane oswa plis epi ou ap kondi oswa ou prevwa ou pral kondi, nan Operasyon ki Eksepte SÈLMAN ak nan Eta New York SÈLMAN. Ou dwe gen restriksyon A3 ak K.

Si kalite kondi ou te chwazi a egzije pou gen eta medikal ou sètifye (NI oswa NA), ou dwe bay yon kopi lizib dènye Sètifika Egzaminatè Medikal USDOT ou ba DMV si li poko nan dosye. Tanpri gade fòm DMV MV-44.5 pou wè si gen lòt enfòmasyon ki nesèsè pou ede ou detèmine kalite kondi ou.

KONFIMASYON

Mwen konfime enfòmasyon mwen bay sou aplikasyon sa a ak sou nenpòt dokiman mwen te bay pou kore aplikasyon sa a, se enfòmasyon ki vrè ak konplè.
 Mwen konprann si mwen fè yon fo deklarasyon sou aplikasyon sa a, oswa si mwen soumèt nenpòt fo dokiman pou kore aplikasyon sa a, sa ka jwenn pinisyon kòm yon zak kriminèl.
 Si m ap aplike pou ranplase yon dokiman, mwen konfime dokiman Eta New York mwen an te pèdi, yo te vòlè li, oswa li abime.
 Si m ap transfere Lisans Chofè Yon Lòt Eta pou yon Lisans Chofè Eta New York, mwen sètifye ke lè mwen te resevwa lisans chofè mwen nan lòt Eta a mwen te yon rezidan pèmanan Eta oswa Pwovens ki te bay mwen lisans la, epi lisans sa a te valid pou omwen 6 mwa, epi mwen te pase tès pratik sou wout la nan Eta New York nan 12 mwa ki sot pase yo.
 Si m ap aplike pou yon Lisans ki gen Itilizasyon sou Kondisyon oswa Itilizasyon Limite, mwen sètifye ke m ap peye tout frè pou kou ak lòt frè obligatwa pou pwogram reyabilitasyon (si genyen), m ap patisipe nan pwogram nan (si li obligatwa), epi m ap kondi dapre kondisyon ki obligatwa pou lisans ki gen restriksyon oswa pou lisans ki sou kondisyon. Mwen rekonèt si mwen pa fè sa y ap anile lisans mwen ki sou restriksyon oswa lisans mwen ki sou kondisyon, epi y ap sispann oswa anile lisans konplè mwen ankò.
 Si mwen se yon gason ki gen laj 18 lane omwen, men mwens ke 26 lane, sof si mwen te chwazi "non" nan anrejistremen nan Sistèm Sèvis Selektif Etazini (SSS) sou Paj 1, ak dokiman sa, mwen chwazi afimativman pou anrejistre pou SSS ak bay konsantman pou DMV voye enfòmasyon pèsònèl mwen bay SSS pou anrejistremen an.

SIYEN LA A

TANPRI EKRI NON OU AK LÈT DETACHE

DAT LA:

____ / ____ / ____

OFFICE USE	EYE TEST RESULTS	Applicant's Signature	Examiner's Initials
	<input type="checkbox"/> Passed in Office <input type="checkbox"/> Vision Registry <input type="checkbox"/> Corrective Lens		

ENFOMASYON SOU APLIKASYON POU ENSKRIPSYON VOTÈ NAN ETA NEW YORK

(Tanpri li anvan ou ranpli aplikasyon an nan lòt bò a.)

OFFICE USE ONLY

Itilize Aplikasyon pou Enskripsyon Votè Eta New York

pou Enskri pou Vote nan Eleksyon Eta New York, epi/oswa:

- chanje non oswa adrès ki nan enskripsyon elektè ou
- vin yon manm nan yon pati politik
- kite pati politik ou pou vin manm nan yon lòt
- enskri davans pou vote si ou gen 16 zan oswa 17 lane

Pou Enskri:

- ou dwe yon sitwayen ameriken
- ou dwe gen 18 an (ou gendwa enskri davans nan laj 16 oswa 17 an men ou pa kapab vote jiskaske ou gen 18 an)
- ou pa dwe nan prizon oswa an libète sou kondisyon pou kondanasyon pou yon krim (sof si libète pwovizwa padonnen oswa dwa sitwayènte ou retabli)
- ou pa dwe reklame dwa pou vote lòt kote
- yon tribinal pa dwe jwenn ou gen enkonpetans

Si ou pa ranpli Aplikasyon pou Enskripsyon Votè nan Eta New York, n ap konsidere ou refize enskri pou vote. Si ou refize enskri pou vote, paske ou refize enskri a sa ap rete konfidansyèl epi n ap itilize desizyon an sèlman pou objektif enskripsyon. Si ou anrejistre pou vote, nou pa pral di okenn kote nan ki biwo ou te soumèt yon aplikasyon anrejistreman votè epi n ap itilize enfòmasyon sa a sèlman pou zafè anrejistreman votè. Si ou kwè yon moun te mele nan dwa ou pou enskri oswa refize enskri ou pou vote, dwa ou pou pwoteje enfòmasyon prive ou konsènan si ou te deside enskri oswa aplike pou enskri pou vote, oswa dwa ou pou chwazi pwòp pati politik ou oswa lòt preferans politik, ou kapab depoze yon plent nan New York State Board of Elections, 40 North Pearl Street, Albany, NY 12207-2729 (telefon: 1-800-469-6872).

N ap voye aplikasyon ou ranpli a bay Komite Eleksyon an epi Komite Eleksyon Konte ou a ap fè ou konnen lè yo fin travay sou aplikasyon ou an. Si ou gen nenpòt kesyon sou fason pou ranpli aplikasyon pou enskripsyon votè a oswa pou enskri pou vote, ou ta dwe rele Komisyon Eleksyon Konte kote ou ap viv la, oswa rele 1-800-FOR-VOTE (TDD/TTY konpoze 711) (sèlman pou kesyon ki konsène enskripsyon votè). Si ou ap viv nan Vil New York, ou ta dwe rele 1-866-VOTE-NYC. Ou ka jwenn repons yo oswa zouti yo tou sou sit entènèt Komisyon Eleksyon Eta New York www.elections.ny.gov

Información en español: si le interesa obtener este formulario en español, llame al 1-800-367-8683

中文資料: 若您有興趣索取中文資料表格, 請電: 1-800-367-8683

한국어: 한국어 양식을 원하시면 1-800-367-8683 으로 전화 하십시오.

যদি আপনি এই ফর্মটি বাংলাতে পেতে চান তাহলে 1-800-367-8683 নম্বরে ফোন করুন

APLIKASYON POU ENSKRIPSYON ELEKTÈ NAN ETA NEW YORK

Ranpli fòm sa a sèlman si ou vle enskri pou vote oswa pou chanje adrès ou oswa lòt enfòmasyon avèk Komisyon Eleksyon an.

Èske ou se yon sitwayen Etazini? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Si ou reponn NON , ou pa kapab enskri pou vote.	Èske ou pral gen laj 18 lane oswa plis nan jou eleksyon an oswa anvan jou eleksyon an? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Èske ou gen laj 16 zan omwen epi ou konprann, pou ou vote, ou dwe gen laj 18 an nan jou eleksyon an oswa anvan, epi jiskaske ou gen laj dizwit an, nan moman eleksyon sa, enskripsyon ou ap make "annatant" epi ou p ap kapab vote nan okenn eleksyon? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Si ou reponn NON pou toude kesyon anvan yo, ou pa kapab enskri pou vote.
Èske ou te vote anvan? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Ki Ane?	Enfòmasyon pou vote ki te chanje: Sote kesyon sa a si enfòmasyon sa yo pa te chanje oswa si ou pa te vote anvan.
Non ou se te Adrès ou se te	Eta ou oswa Konte Eta New York ou se te:
Plis enfòmasyon (pa obligatwa) Imèl	Nimewo Telefòn

Pati Politik ou enskri

Ou dwe fè 1 chwa. Enskripsyon nan pati politik pa obligatwa, men, pou ou kapab vote nan yon eleksyon primè pati politik, yon elektè dwe enskri nan pati politik la sof si règ Eta a pou pati politik la pèmèt sa ki kontrè.

Mwen vle antre nan yon pati politik:

- Democratic party (Pati demokrat)
- Republican party (Pati repibliken)
- Conservative party (Pati konsèvatè)
- Working Families party (Pati Fanmi Travayè)
- Green party (Pati ekolojik)
- Libertarian party (Pati libète)
- Independence party (Pati Endependans)
- SAM party (Pati SAM)
- Lòt: _____

Mwen pa vle vin manm okenn pati politik epi mwen vle rete yon elektè endepandan

Okenn pati

DEKLARASYON SOU SÈMAN: Mwen sèman oswa mwen konfime

- Mwen konfime mwen se yon sitwayen peyi Etazini.
- Mwen viv nan peyi a, vil la oswa vilaj la pou omwen 30 jou anvan eleksyon an.
- Mwen ranpli tout kondisyon pou enskri pou vote nan Eta New York.
- Se silyati m oswa mak mwen ki depoze nan liy anba a.
- Enfòmasyon ki endike anwo a se enfòmasyon ki vre. Mwen rekonèt si se pa vre, lajistis kapab kondane mwen epi fè mwen peye yon amann k ap apeprè \$5,000 epi/oswa mwen ka ale nan prizon pou jiska katran.

Siyen **X** _____

Dat _____